ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ПЛАНЫЪ

АДЫГСКОЕ СОВОКУПНОЕ МНЕНИЕ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№235 (22.143) ● 2011 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Сурэтыр МАМИЙ Руслан трихащ.

Лъэныкъуэхэм я сэбэп хэлъу

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыIэращIылIащ полимер къабзэхэм щелэжьыну завод Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIуэхэм хуэунэтIауэ зэрызэдэлэжьнымрэ зэрызэдэIэпыкъунымрэ теуХуэ генеральнэ зэгурыIуэныгъэ.

АБы щыгъэбелджылащ инвестицIэхэм, къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэм, экономикэм зегъэужьыным ехьэлIауэ республикэм и сэбэп зыхэлъхэр къыльытэу икIи щыIэ законодательствэм тету заводыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыуэхэнымкIэ Правительствэр щIэгъэкъуэн зэрыхъунур, Iуэхур зэхьэлIа гъэзэщIакIуэ власти и федеральнэ органхэмрэ КъБР-м и гъэзэщIакIуэ властым и къудамэхэмрэ зэгурыIуэныгъэ зыхуэIэхэм жыджэру ядэлэжьэнырыкIызэрыгъэпэщIынур. Заводым и инженер инфраструктурэр Урысей Федерацэм ИнвестицэмкIэ и фондымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетымрэ я хьэкъкIэ яухуэным теуХуа жэрдэмыр Правительствэм къыбгъэдокI. 2011 гъэм щыкIуэгъуэм и 30-м КъБР-м и Правительствэм кьищта Унафэ №360-ПП-м ипкъ иткIэ, зэращIылIэ кредит зэгурыIуэныгъэхэр зэрагъэзэщIэнымкIэ щэсыпIэ ярет.

ЗэIуIэ щхьэхылIащ ТНVSSENKRUPP UHDE GmbH (Германие), UHDE INVENTA-FISCHER AG, BUHLER AG (Швейцарие), UHOE ООО (Урысей), «ВЭБ ИНЖИНИРИНГ» ООО компаниехэм я унафэщIхэу Хоффманн Альфред, Люттге Кристофф, Штайнауэр Вернер, Мюллер Мартин, Ефремов Николай, Шейбе Дмитрий, предприятэр щаухуэну Май куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Атаманенко Юрэ сымэ,

КъБР-м и Правительствэм и УнафащI Гертер Иван мыхьэнэшхуэ зиIэ мы Iуэхум къриохьэлIа хьащIэхэм фыщIэ яхуищIащ, зэкIэгъэкIа хъуа лэжьыгъэхэм къытеувыIащ икIи полимер къабзэхэр щагъахьэзырыну иджырей заводым и проектыр зэуIуу зыгъэзэщIэнуэр зэрыгъэдэIэпыкъуну щIыкIэр зэгурыIуэныгъэм зэрыгъэзэщIэнымрэ щысIэпIэ ярет.

ЗэIуIэм хэтащ Парламентым и депутатхэр, министрхэр, къэрал комитетхэм я унафэщIхэр.

Хьэжыкъарэ Алик.

●Дыгъуасэ и 12-р УФ-м и Конституцэм и махуэщ

Урысейм зэрызиужьынур еубзыху

Геляхов Абдуллыхь

ДЭТХЭНЭ къэрал щхьэхуитым и дежкIи Конституцэм и махуэр политикэ, тхыдэ мыхьэнэ хэха зиIэ гуфIэгъэщ. Урысейм и Конституцэм и махуэм ирихьэлIэу кьытебгъэзэжу уемыгугъысу хъуркъым абы ди къэралым зиужьынымкIэ иIа мыхьэнэм, дяпэкIэ ар зэманым къызэрезэгъынум. Конституцэм игъэзащIэ къалэнымрэ абы и мыхьэнэмрэ теухуауэ къэрал куэдым щыжиIар, щытхар мащIэкъым икIи абыхэм щIэуэ зыгуэр ядьыщIыбгъужыну гугъущ. Ауэ къыхэзгъэщIытхъыну Конституцэр дэтхэнэ къэралми и псэукIэм и гъэбжьыу зэрыщытыр, абы къэрал уху хэгъэр (унафэр зэращIыр, къэралыр зэрызэхэтыр, политикэ унафэр зыIыгыр) зэриубзыхур. Хабзэ нэхъыщхьэм егъэбелджылы жыIагъуэр зытет правовой гъьбжьр, абы и политикэ зэкъуэтыныгъэр. Къэралым и гъэжьыгъэр зыхуэунэтIар, абы игъэзащIэ къалэнхэр, щIыхуэм я зэхуэщытыкIэхэр зытещIыхьар, апхуэдэу щIыхуэм, гражданиным и правовой статусыр. Конституцэр властыр зыIыгъым я дежкIэ жэуапльныгъэщ икIи абыхэм я лэжьыгъэр мардэ ткIийхэм ирегъэувэ.

Урысей Федерацэм и Конституцэу щIыхьэ референдумым 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къыщащтам Урысей къэралыщIэм и гъэзур игъэбелджылащ. Абы мыкIуэдыжьын тхыдэ мыхьэнэ иIэщ, сыту жыпIэмэ зэи къэралым къыщымыхъуащэ haIуэ къыщIащ ди щIыхьэм, къэралым дуней псом щыщ Iыхьэу зэрэжьалъытэжьащ. Зыхуэдгъэуэвыж мурадхэр, а мурадхэр зэрыдгъэзэщIэну щIыкIэр. СССР-м хиубыдэу щыта щIыпIэ псоми щыIа политикэ, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ щытыкIэр къэплъытэмэ, а псоми епытауэ щытащ ди къэкIуэнур зыхуэдэр.

ИщхьэкIэ къыщыгъэпэтэгъа а Iуэхуэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр Конституцэм и преамбулэм Iыхьищу егъэщ. Апэрауэ, дуней псом щыщ Iыхьэу зыжьэзыльытэж ди щIыхьэр, акъыл зэхэтъкIэ мы Конституцэр къэзыщтэр, лъэпкъ куэду зэхэтщ. Я къэкIуэнур зыуэ ахэр езыхэм я щIыналъэм щопсэу икIи Хэкур апэкIэ гъэкIуэтэнымкIэ къэкIуэну щIыблэкъым я пащхьэ щахьэ къалэныр зыхэлIэ.

ЕтIуанэрауэ, щIыхубэм къащта унафэм я жыпIэ ирагъэщу зэрыщытар къыхэзгъэщIащтам) и щхьэусыгъуэу тхыдэм ехьэлIа Iуэху зыбжжанэ преамбулэм итщ. Абыхэм зыщыщ къэрал зэкъуэт зэман кIыхькIэ зэрызэтрагъэувар, лъэпкъхэм дуней псом къыщыдальытэ хуитыныгъэхэр и лъабкъуэ и щхьэ унафэ зэращIыжыр, блэкIа зэманым псэуахэм Хэкум хуаIэ лъагъэтыныгъэмрэ пщIэмрэ, зэкъуэтыгъэ пагъэмрэ захуагъэмрэ я пщIэмрэ зэрыщытар къызэральытэр.

Ещанэрауэ, мыбдеж щыубзыхуащ къэралым и Закон нэхъыщхьэр къыщIащтэ мурадхэр. ЗэрыгурыIуэгъэщи, абыхэм ящыщ зэман кIыхьым къриубыдэу щIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр зэрызэтеувар, зэрызиужьыр, икIи ар Конституцэщ. Я пэкIэ игъэкIуэтэн зэрыхъуейр. Ауэ абы къыдэкIуэу преамбулэм къыщыгъэльэгъуащ щIыхубэм хабзэхэр зэрагъэувыр. Абыхэм Конституцэр кьащтэ, «щIыхум и хитыныгъэ хэмрэ щIыхьэхитыныгъэ хэмрэ, граждан мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щIагъэбыдэу», -зэман кIыхькIэ зэтеува къэрал зэкъуэтыр яхьумэу, -Урысейм и суверенныр къэралигъуэр зэфIагъэувэжу, абы и демократие лъабжьэгъэ ягъэбыдэу», «Урысейм и ефIэкIуэныгъэмрэ зыужьынныгъэмрэ къызэрагъэпэщыну хущIэкъуу».

А щыкIэм тету, Конституцэм къыщыгъэльэгъащ Урысейм и щIыхубэр лъэпкъ куэду зэрызэхэтыр икIи дунеи псом щыщ Iыхьэу зэрызыкъальытэжкIыр.

УФ-м и Конституцэм хабзэ мардэ хэр игъэув къудейкъым. Абы еубзыху жылагъэуэри къэралри зыхуущIэкъу гугъапIэхэмрэ захуагъэмрэ. ИпэжьыпIэкIэ абы щIегъэбыдэ лъэпкъ куэд щыпсэу, демократием и хабзэхэм тет федеративнэ къэралу Урысейр зэрыщытыр, абы и политикэр щIыхуэ щхьэхуиту зиужьынымкIэ щIыхуэ зыхуэину Iэмалхэр къыхуэзгъэпэщыным зэрыхуэгъэнэтIар (1,2,7 статьяхэр).

Закон нэхъыщхьэр къызэращIэрэ блэкIар, тхыдэм и пщалъэхэмкIэ убгъэдыхьэмэ, зэман кIэщI дыдэщ. Ауэ абы къыгурыбыдэу зэхъуэжьныныгъэ инхэр екIуэкIащ, политикэ, социальнэ, экономикэ я хъуэныныгъэщхъуэ хэр щыIащ, сэ системэр ипэжьыпIэкIэ щIэуэ зэтрагъэувэжащ.

(Кьэухыр 2-нэ нап.).

●Iуащхьэмахуэ куей

ЕхьулIэныгъэхэм щогуфIыкI

Iуащхьэмахуэ районым и мэкъумэшыщIэхэм 2011 гъэ ехьулIэныгъэкIэ кърахьэлIащ.

КЪАПЩГЪЭМЭ, щIы гектар 315-рэ зыIыгъ «Жазаев» фермер хозяйствэм гъавэ зэмылIэужьыгъуэу тонн 900 къырхьэлIэжащи, абы щыщу 300-р гуэдз хэпIтыхьащ. Ауэ щыхъуакIэ, бгылъэ щIыпIэхэм кьащIымыхъуауэ зы гектарым кьытрахащ центнер 40. Мыбдежэм зыкъыкIэрагъэхуакъым «ЛашкутIэ» мэкъумэш кооперативым и лэжьакIуэхэми. Абыхэм и чэзум кIэрыхуншэу Iуахыжьыну хунэсащ сэхуранэу гектар 265-рэ. Абы гъавэу тонни 130-м щIигъу кьытрахащ. ЩIэп зытраса щIы гектар 240-м кьаритащ тонни 192-рэ. Апхуэдэу уней хозяйствэмкIи къыкъахьэлIэжащ къэбыстэ бэв. Мы хадэхэкIыр иужьрей илъэсхэм куэду хасэ ЛашкутIэ, Былым, Бедык жыпIуэхэм щыпсэуэм. Ар къыщIыхахым и щIыхуэсыгъуэр бгылъэ щIыпIэхэм адрей хадэхэкIэр гугъу удэхьапIэу фIэкIа къыхэзрыщIымыхъущ. Бжьыпэр зыIыгъ мы мэкъумэш IэнатIэхэр иджыпсEу бжьыхьэхэр и кIэм зэрынагъэсыным йоужьрэкI.

Iуащхьэмахуэ куейм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэ-кIащ Iэщ бжьгъэм кьыхэзгъэхъуным теухуауи. Илъэс кIуам псори зэхэту Iэщ мин 13-м нэс яIамэ, мы гъэм абы хуэдитIкIэ кьыхахъэхъуну хунэсащ. Iэщыхъуэхэр псом хуэмыдэу йогугъу жэм кьашхэр зэрагъэбэгъэным. Мы Iуэхур ипэкIэ КIуэтэнымкIэ сэбэпышхуэ кьыхахъуащ къэралым кьарита субсидиехэр. Апхуэдэу Iэщыхъуэхэр сыт и лъэныкъуэкIи кьыхъухуэтынщэу мэкъумэшхэмрэ Iуэсыпхъэ зыхуеинухэмкIэ нэсу кьызэгъэпэщащ икIи зыхуеIэ хуэзэу гъатхэ зэрытехьэнум щэч кьытрахьэрэкым.

ЖАНОКЪУЭ Хьэту.

●Аруан куей

Дзэм кIуэну ныбжьыщIэхэм яIоущIэ

Аруан куейм и дзэ комиссариатым и унафэщIэхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и Iэнатэм и пэжжаIуэхэмрэ яIущIащ мы гъэм зи армэ кIуэгъуэу медицинэ кьэпцIыгъэхэр зыпрагъэкIуэкIа ныбжьыщIэ 50-м. ЗэIущIэм кърагъэблагъат абыхэм я адэ-анэхэри.

МЫ ЗЭМАМ щыIэ Iуэху щытыкIэм теуХуа псалъэмакъ щхьэпэ кьыщIэхуэсахэм ядэзыгъэкIуэкIа, военкоматым и Iэтащхьэ Сосналы Мухьэмэд ди щIыхуэкIэ нобэ зыгъэIейтей Iуэхугъуэхэм ятеуХуауэ кърата упщIэ куэдми жэуап яритащ. ЗэIущIэм хэтхэр тепсэльыхьащ медицинэ зэпыщIэныгъэхэм якIуэкIахэмэ. Апхуэдэу адэ-анэхэр щыгъуаз ящIащ я бынхэм къуькIыку щащIэну щIыпIэхэм, абыхэм яхэльыкI хуей жэуапльныгъэмрэ щIынымрэ, дзэ ж'ьIухуэщIэм теуХуауэ я зэфIэдэльпIыхь щэ-ныгъэм, нэгъуэщIхэми. ЩIалэхэр частхэм яжьащ дыгъэгъазэм и кIэм нэсыжу. Абыхэм ящыщ куэд хунэсащ армэм псом хуэмыдэу къащыщыхэпэну шофер, ухуакIуэ Iэщ Iащагъэхэр зрагъэгъуэтыну. УнафэщIхэм зэрыжаIэмкIэ, зи гъатхэ дэкIыгъуэгу щIыху 50 иджыри щрагъэджэнущ Партизалэ дэт автошколым.

ЛЬОСТЭН Муэз.

●Бахьсэн куей

Пыхусыхум зэрыпэщIэт Iэмал

Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI цIыхухэм я Iэпкьлъэпкьыр пыхусыху узыфэм пэщIэтын папщIэ мастэ нэхъыфIу хэлъхьэн лэжьыгъэм и 2-нэ Iыхьэр.

МЫ Iуэхум жыджэру хэтхэм ящыщщ Бахьсэн куейм и медицинэ Iуэхугъуэ-щIапIэхэр.

Мы уэ зэрыщIалэм щигуащIэгъуэ зэманыр ыкIи щыкIэ Бахьсэн куейм къегъэщIыIа жылагъуэхэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIа; пыхусыхыр нэхьыбэу къыщIэхъьеинкIэ хъуну щхьэусыгъуэхэм цIыхур щыгъуазэ ящIащ, ныбжьыкIэ зэщхьэщыдзауэ вакцинэр зэхьэлIапхъэхэр ягъэбелджылащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, псом япэ ирагъэщынущ курыт еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ. Мастэр зыхалъхьэну еджакIуэхэр, мини 4-м нос, сабий садхэм щыIэхэм я бжыгъэри 1 миньм ныблагъэ, ауэ дохутырхэм кьыззэрыхагъэщымыкIэ, адэ-анэхэм я процент 15-р вакцинацэр ямыдзу къэзыщIу. Иджыпсту абыхэми йопсэлъыпIэ. Iэмал зэрилэжIэ, сабий псори кьызэщIауэбыдэмэ зэрынэхъыфIыр гурагъаIуэ. Курыт еджапIэхэмрэ сабий садхэмрэ якъакIэлъыкIуэу мастэр халъхьэнущ медицинэм и лэжьакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ. Мы Iуэхум теуХуа лэжьыгъэ псори пIалъэ пыухыкIам тету йокIуэжI икIи хущхъуэгъуэ ззэыхьэлIэну хуей зы цIыхуи кьагъэнэнукъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Налшык

Троллейбус гъуэгухэр къызэIуахыж

Налшык къалэ администрацэм къыщащтащ 2012 - 2014 гъэхэм хурибыдзу КъБР-м троллейбусхэмкIэ и управленэм зегъэужьыным ехьэлIа программэщIэ.

АБы ипкъ иткIэ мы Iуэхущапэм гъэ кьэс субсидиеу сом мелуани 5 хуаутIыпщынущ икIи ар трагъэкIуэдэнущ мы IэнатIэм кьигъэсэбэп электрокъарум и уасэр тыным. Иджыпсту управленэм иIэ троллейбус гъуэгуи 7-м щыщу лажьэр 3 кIуэдейрщ, арщхьэкIэ мы илъэсыр и кIэм нэсыху я мурадщ троллейбусхэр зытета 3-нэ, 7-нэ маршрутхэр лажьэу яутыпщыжыну. Мыльыр зэрахуримыкъум кьыхэкIыу абыхэм я кIэлъыгъэр 2009 гъэм кьызэтрагъэувыIауэ щытащ. Управленэм и унафэщI Балаев Пэхьир щыгъуазэ дызэрищIымкIэ, пIалъэ кIыхькIэ мылажьэу щыта гъуэгухэм нокьусаныгъэ щхьэхуэхэр ягъуэтащ, иджы троллейбус линиехэмрэ пкьохэмрэ зэрагъэпэщыжк, жьы хуэа пкьыгъуэхэр иджырей мардэхэм кьезэгъэщIэхэмкIэ зэрахьужьэ. Псом япэ ирахьэлIэнущ кьапэщыт кьалэнхэр кьыхуагъэува пIалъэм фIэмыкIыу зэрызэфIагъэкIыным. Налшык администрацэм и пресс-Iуэхущапэм хьыбар кьызэритамкIэ, кьалащхьэм и троллейбус управленэм иджыпсту троллейбусу 44-рэ иIэщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

●Къэрал Iуэхущапэхэм

Ирагъэджэнухэр къыхах

2007 - 2008, 2014 - 2015 гъэ еджэгъуэхэм Урысей Федерацэм и цIыхубэ хозяйствэм и Iнатэм ехэм папщIэ унафэщI кадрхэр гъэхъэзырыным теухуа Къэрал планым зэрыщыубзыхуам тету, 2011 -2012 гъэ еджакIуэм ягъэхьыщIну Iэщ Iагъэ Iэр кьыщыхаха зэпеуэр накьыгъэ-баззэгъэуэ мазэхэм ирагъэкIуэкIащ. Хэхауэ икIи щхьэхуэу фокIадэм хэпльэжри, цIыху 35-р программэм хагъэхьащ. Абыхэм ящыщу 32-р щIэрыщIэу ирагъэджэжынущ, 3-м я щIэныгъэм хагъэхъуэнущ.

«УНАФОЩI кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ федеральнэ центр» ФБУ-м и унафэкIэ, Iэщ Iагъэ Iэ Iэ псори Мэкъуурэ Санкт-Петербургрэ щыIэ еджапIэхэм ягъэкIуащ. КъБР-м Экономикэ зыужьынныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм рекьубликэ щыIэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и департаментым и чэнджэщэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь Щоджэн Заирэт зэрыжиIамкIэ, мы илъэс гъэнгъуэхэм унэтIныныгъэ нэхьыщхьэу ягъэбелджылащ экономикэм и бюджет Iыхьэмрэ цэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ реформэ щыныр, электрокъарум къыдэзыгъаху технологиехэр къэгъэсэбэпныр, абы фейдэуэ кьытым хэгъэхьэныр, хьэрычэт Iуэхумрэ инновацIэ Iнатэмрэ зегъэужьныр, узынщагъэр хъумэныр егъэджэныгъэмрэ ятещIыхьа щIыналъэ программэхэр гъэзэщIэныр. ДяпэкIи республикэм щагъэзэщIэну Къэрал планым хэту, а унэтIныныгъэхэм папщIэ Iэщ Iагъэ Iэ Iэ ягъэхъэзырынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ФинансхэмкIэ и министерствэм щIыхуэр зэрыгъаджэм хуэзэм и процент 3-р итащ. Iэщ Iагъэ Iэ 24-м ятещIыхьауэ ар сом 568458,0-р-э мэхъу. 2010 - 2011 гъэ еджэгъуэм хьыхьу Урысейм щIыхубэ хозяйствэмкIэ и академиемрэ УФ-м и Президентым деж щыIэ къэрал кьулыкъущIапIэмрэ иджыри щIыхуэ 3 щхьэхуэу щоджэ. ЗэгурыIуэныгъэм щыгъэбелджылахэм Iэ щIадзмэ, республикэ бюджетым щыщу сом 29106,0-р, федеральнэм еIуи апхуэдизу илъэсым и кIэ пщIондэ еджапIэхэм иратын хуейщ.

КъышынэмыщIауэ, «2011 - 2014 гъэхэм зэпыщIэныгъэр хъумэныр» егъэдэлэныгъэмрэ я IэнатIэхэм папщIэ унафэщI кадрхэр гъэхъэзырын» программэр гъэзэщIэным теухуауэ бадзэуэгъэу блэкIам и 14-м Урысей Федерацэм и Правительствэм и Тхьэмадэм и кьуэдзэ, УФ-м и Правительствэм и Аппаратым и Iэтащхьэ Володин Владимир иригъэкIуэкIа Урысейпсо селектор зэIущIэм щаубзыхауэр ягъэщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Iэщ Iагъэ Iэ 44-рэ «Урысейм щIыхубэ хозяйствэмкIэ и академие, УФ-м и Президентым деж щыIэ къэрал кьулыкъущIапIэ» ФГБОУ ВПО-мрэ (Мэзкуу къ.) Урысей Ипщэ институтым и кьудамэмрэ (Тэн Iуе Ростов къ.) илъэсыр икIыху щеджэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжьнщи, Урысей Федерацэм и цIыхубэ хозяйствэм и Iуэхущапэ IэхэмкIэ и Iэщ Iагъэ Iэ гъэхъэзырынымкIэ теухуа Президент программэр 1997 гъэ лъандэрэ ягъэза- щIэ.

КъБР-м Къэрал планыр щыпхыгъэкIынымрэ зи пщэрыльыр республикэм Экономикэ зыужьынныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэр щыIэ.

Президент программэм и стратегие мурадыр нэгъуэщI къэралхэм хуэдэу Iуэхущапэ Iэхэм я зехьэкIэр егъэфIэкIуэныр щ.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонор.

Зэрыгуэм хуэдэу зэгурыIуэхэкъым

Еврозонэм и финанс зэпеэзрыгъыщыкъэм хуэзэщIэным уней ахьыпэ хальхьэн хуейуэ ЕС-м унафэ кьыщтащ. Ар саммит нэужьым кIуэжIа пресс-конференцым щыжиIащ Евросоюзым и президент Херман Ван Ромпей.

- Евросоюзым идакъым Алыджым и щIыхуэр реструктуризацэм и хабзэхэм тету уней банкхэм яригъэпшыныкъым. А хэкIыпIэр официальнэу зэхуэщIащ. Иджы зэпIэзэрыгъныныгъэмкIэ программэхэм ахьшэ езытынур дунейпсо фестиваль-тэ фондращ (МВФ), - жиIащ абы.

А фондым и зэфIэкIым хагъэхьэуэн папщIэ, ЕС-м хэт къэралхэм абы иратынущ еврэ мелард 200. А бжыгъэм щыщу еврэ мелардитI 150-р кьэзыутIыпщынур еврозонэм хиубыдэхэращ, кьанэ еврэ мелардитI 50-р зэхуахьэсын хуейщ Евросоюзым и адрей къэралитI 10-м.

Нэхьапэ Iуэкъ МВФ-м и Iэтащхьэ Лагард Кристин зэрыжиIамкIэ, нобэкIэ фондым и финанс гъэтIылъыгъэхэр еврэ мелард 300 хуэдиз мэхъу.

ЕС-м и саммитым унафэ кьыщтакъым еврэ облигацэхэр кьыщIэгъэкIыным теухуауэ. Ар щIэх кьэхьуну Iуэхукъым. АбыкIэ арэзы хьуакъым еврозонэм и экономикэ унафэхэр псом хуэмыдэжу зыгъэтIысыжа Германиер. Еврэ облигацэхэр кьащтатэмэ, ар къыщIэгъэкIыным текIуэдэну ахьышэр кьанэ щIагъэу щымыIэу Iуэхум хэзылъхьэн хуей хьунур Германиерат.

ПэкIур ягъэIэпхъуэ

УФ-м и Къэрал Думэм и нужьрей хэхьыныгъэхэм кърикIуамкIэ мыарзыхэм я пэкIур дыгъэгъазэм и 10-м щекIуэкIынущ Москва. Болотнэ утыкум. Абы хуэщIу щхьэхуитым, ягъэкIуэтэн хуейщ.

Фигу къэдгъэкIыжьнщи, нэхьапэ Iуэкъ Iэ эраубыхуам тету, а пэкIур Революцэм и ятIонэрэ щIэныгъэм хуеят икIи абы щыху 300 нэхьыбэ къэкIуащ Iэхьунутэкъым.

Горбенкэ Александр зэрыжиIамкIэ, пэкIур ирагъэкIуэкIыну хуит ящIащ сыхьэт 14-м щыщI эдзауэ сыхьэт 18 хьуху.

Ар щыгъэхэтыну щыпIэр Болотнэ утыкум ягъэIэпхъуэныжьмкIэ жэрдэмыр кьыхэзыльхьар Москва и администрацэращ. Оппозицэр абыкIэ арэзы хьуащ.

Егупсысауэ уащ

Пакистаным и дзэзешэ генерал-майор Надим Ашфак къельыгъ НАТО-м и ащащIэ абыхэм я блок-постым еуэу зауэлI 24-рэ зэрыхэкIуэдар егупсысауэ, зыкъэгъэхъэзыру ялэжьа Iуэхуу. Абы теухуауэ журналистхэм ярита интервью дыгъуасэ кьытехуащ «Дооп» газетым.

Надим Ашфак жиIэхэр зэрыпэжьым и щыхьэту кьехь блокпостыр щIым щыщ ящIыкIыу, НАТО-м и авиацэр мыувыIэу абы ракетэкIэ зэреуар, боевик-хэм я быдапIэ апхуэдэ щIыпIэм зэрыщаумыкIуэм альянсым и зауэлI-хэр щыгъуазэу зэрыщытар.

А Iуэхум и Iуэкъу, Пакистаным зэхуищIащ НАТО-м и дзэм гъэхьыпынхъэ, ерыскъыкIэ, и.къ. зэрыхуащэ гъуэгуу и щIыналъэм пхырыкIыр икIи США-м и «Шамси» авиабазэр дыгъэгъазэм и 11 хьуху зэхуищIым хуейуэ пиубыдащ.

А псом и ужькIэ, дыгъуасэ зи гугъу тщIы гъуэгум дагъэгъэсыныпхъэ зыгъэIэпхъуэу НАТО-м и автоколонэ щрикIуэм, ЕщIэкIэ зэщIэуэзда гуп теуэри зэхакъутащ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 10, щэбэт

◆**ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

◆**Нобель и саугъэтым и махуэщ**

◆Дыгъэгъазэм и 10 - 15-хэм Москва щыIэхэтынущ цIыхум и хуитыныгъэхэм теухуа фильмхэм я «Сталкер» дунейпсо фестиваль.

◆Нобэ къыхэIуах занщIэу Москва-Берлин-Париж маршрутым иригъэщ гъэзыгъэр.

◆Урысейм и щIыналъэм щыплъагъунущ Мазэр зэрыщыту зэрищыбыдыр.

◆Илъэси 190-рэ ирокъу урыс усакIуэшхуэ Некрасов Николай къызэралъхурэ. 1878 гъэм дунейм ехыжащ.

Дунейм и щытыкIэнур «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэ щытелъынущ, махуэм хуабэу градуси 2, жэщым щIыIэу зы градус щыIэнущ.

Дыгъэгъазэм и 11, тхьэмахуэ

◆**Къуршхэм я дунейпсо махуэщ**

◆**Сабий телевиденэмрэ радиоэтыныхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

◆Илъэс 50 и пэкIэ дипломатие зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хьуащ СССР-мрэ Республикэу Зэгуэлъ Танзаниемрэ. 1991 гъэм и дыгъэгъазэм УФ-м кьыщтащ СССР-м и кьалэнхэр.

◆Илъэс 65-рэ и пэкIэ кьызэрагъэпэщащ ООН-м и Сабий фондыр (ЮНИСЕФ). Нобель и дунейпсо саугъэтыр абы 1965 гъэм хуагъэфэщащ.

◆Приднестровье Молдавие Республикэ щхьэхуиту зызыбжьымрэ президент хъакIыгъэхэр щекIуэкIынущ.

◆Президент щыхахынущ Кот-д'Ивуар.

◆Петербург щыIэ Берже заводым 1815 гъэм япэ урыс кхъухьыр щащIащ.

◆1956 гъэм Мэлбахьуэ Тимберэ КПСС-м и обкомым и ятIонэ секретарь хахащ. Ар а къулыкъум 1985 гъэ пщIондэ пэрытащ.

Дунейм и щытыкIэнур «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ, махуэм хуабэу градуси 4, жэщым щIыIэу градуси 2 щыIэнущ.

Дыгъэгъазэм и 12, блыщхьэ

◆**Туркменистаным и нейтралитетым и махуэщ**

◆Кение Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэ - 1963 гъэм къэралыгъуэ хъуащ.

◆Сирием властым и щIыпIэ органхэр щыхахынущ.

◆1993 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм палатитI хьу и Парламентыр хахащ.

Дунейм и щытыкIэнур «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэ щытелъынущ. Махуэм хуабэу градуси 6, жэщым щIыIэу градуси 2 щыIэнущ.

ПлIанэр зыхьхьэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуащхьэ:

Мыгъуагъэ псор зым хухахыркъым.

Махуэгъэпс | Дифi догъэлъапIэ | Малъхъэис

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт кьыдэкIыгъуэ

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс нэхъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс нэхъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и [illegible] ми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъытапхъэ

Республикэм законэр кьыдэзыгъэкI и органым и зэ ящэу зэIущIэр 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэт 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэ хущIапIэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Урысем зэрызиужьныр еубзыху

(*Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.*).

Конституцэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, гупчъехьэр пыщlауэ щыта-ми, ди гъащlэм хьыкащ, 2 статьяр къапщтэмэ, абы къызэригъэльагъэмкlэ, мурад нэхъыщхьэ дыдэр щыхум и хунтыныгъэхэмрэ щхьэхунтыныгъэхэмрэ къызэрыгъэпэщыныр. Ар къыдэхъунутэкъым, щы-хум, гражданиным и хунтыныгъэхэмрэ щхьэхунтыныгъэхэмрэ къащхьэщыкыныр къэралым и къаэнщ. Ар щlегъэбыдэ 17 статьями. Абы зэ-ритымкlэ, дунейпсо хабзэхэм тету Урысеим къыщылытыта икlи щхьхэ-мэ щыхум, гражданиным и хунтыныгъэхэмрэ щхьэхунтыныгъэхэмрэ. Хунтыныгъ, щхьэхунтыныгъ нэхъыщхьэхэр щыхум къыдалъху икlи ахэр абы зыми кьыйихьыну хуиткъым.

А щыкlэм тету, Урысеим и Конституцэм иджы пlэ дыдэу къыщылытащ щыхум къыдэгъэгурыкlуэ хунтыныгъэхэр. Щыхумрэ къэралымрэ я зэрызыгтыкlэхэм а щыкlэм тету зэрызахъуэжар УФ-м и Конституцэм зэрыратхам и фlыщlэкlэ правовой къэралым и хабзэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зы зэтоурэ: щыхуэхэм къэралым и пащхьэ жэуапльныгъэ щахъ, ауэ къэралми гражданиным и пащхьэ жэуап щехь абы и щхьэхунтыныгъэр къызэрэгъэпэщыныкlэ, и гъащlэм, и псэукlэм щынагъуэ къытемыгтыхъэныкlэ, гражданиным и хунтыныгъэ псори хьумэныкlэ. Апхуэдэ мардэм и фlыгъкlэ щыхум хуэгъэзауэ властым лей щызэрихьэ кьэхьунукъым.

Зэманкlэ щхьэхунтыныгъэ кьэзрезэгъэши нужь зэманым куэдрэ топсэлъыхь. Ауэ мыбдеж кьыщыхэгъэгъэхуэкlыну сыхуейщ мыпхуэдэ зы Iуэху. Урысей къэралым и Закон нэхъыщхьэр зэпIэзэрыту гъэжьэн хуейщ. Абы кьыдэжьу зэманым кьегъэув Конституцэм зэхъуэкlынныгъэ щхьэхуэхэри хэтлъхьэн-хьэу. Закон нэхъыщхьэр куэдрэ къэбгъэщIэрэщIэжыну кьезэгъэшкъым, сыту жыпIэмэ, ар къэралым зэпIэзэрыту зэрызимыужьым е езы Конституцэм дагъуэ куэд зэриIэм и щыхьэту аращ. Жылагъуэм зэпIэзэрыту зиужьынымкlэ шэсыпIэр закlэхэр зэпIэзэрыту щытыныр щ.

Абы и пlэныкъуэкlэ къапщтэмэ, икъукlэ захуэщ УФ-м и Конституцэ Судым и Унафэщl Зорькин Валентин жиIа мы псалъэхэр: «Жылагъуэм зиужьныху Конституцэр кьыззэрыбгурIуэн хуейми зебгъэубгъуныжмкlэ Iэмалышхэхэр щыIэщ. Ауэ мыбдежи мардэ пыухыкIахэм зэритыпхэр кьэльытэн хуейщ - дэ фIыцIэр хужьу кьытхуищIагъэдзынукъым. Апхуэдэ щытыкIэр езы властым и зэхэтыкIэмрэ Конституцэм и Iуэхугъуэхэмрэ ягъэув». Дуней псом щапхъэу кьыщалъытэу куэдрэ топсэтыныхь США-м и Конституцэм. Абы и фlыгъкlэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ нубзыху мардэхэр куэд зэрымыхъыр, ауэ дэтхэнэ Iуэхугъуэри кьызэрыбгурыIуапхъэ щыкlэр къэралым и Суд Нэхъыщхьэм кьезэгъэшу зэрызэпкърихыр. США-м и Суд Нэхъыщхьэм хэта Хуго Эванс Чарльз 1907 гъэм жиIауэ щытащ: «Дэ ди лэжьыгъэр Конституцэм тещIыхьащ. Ауэ Конституцэр зищIысыр - абы теухуауэ судыщIэм жиIэр аращ».

Конституцэм зэхъуэкlынныгъэхэр хэтлъхьэн хуейуэ кьэтлъытэтэ, дэ псом ящэу дубзыухъпхъщ Конституцэм хэтъ ныкъуэсаныгъэ нэхъыщхьэхэр, ахэр зэрыдгъэзэжыкlуэ Iэмал нэхъыщхьэхэр. Мис абыхэмкlэ узэгурыIэмэщ апхуэдэ лэжьыгъэм политикэ и пlэныкъуэкlэ шынагъуэ щыпымыIыныр, юридическэ и пlэныкъуэкlэ дагъуэншэу щыщытынур икlи Конституцэр дызыхуей пlэныкъуэм хуэунэтlауэ демыпIэщIэкlыу щытхуеГъэфIэкlуэнкъым. Мыбдежи зэхъуэкlынныгъэр зэманкlэ кlыхьым тещIыхьауэ гъэхъэзырын хуейщ, сыт хуэдэ Iуэхуми жылагъуэр, властым и Iэнатlэкъэ хуэхъэзыр щыхъныр кьэльытауэ.

Конституцэм и зэрагъэгъэкъым абы кьыщыгъэпэгъуэ Iуэхугъуэхэм ящыщ куэд нобэми гъэзэщIа зэрымыхъуар. Конституцэр - ар программэщ, жылагъуэр зэкъуэгъэувэным хуэунэтlа пlэнкlэ мурадщ. Ар жылагъуэ, политикэ къыру зэмылIэужьыгъуэхэм зым адрейм худачъыхъурэ къащта документщи, псори зэхуэдэу арэзы зытемыхъуэ Iуэхуэри хэтщ.

Кьыгтэщыт илъэс гъунэгъуэм кьриубыдэу кьаIэн нэхъыщхьэ дыдэр текI имыIэу Конституцэм и мардэхэр, абы и дэтхэнэ зы псалъэри гъэзэщIэныщ. Ар стратегие къаIэнщи, властыр хэт иныгъми абы емыытыгъэу, уеблэмэ езы Конституцэ дыдэми емыытыгъэу зэфIэгъэкIын хуейщ.

ГЕЛЯХОВ Абдулыхь,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщl, Урысей Федерацэм щыхъ зиIэ и юристт.



Уэрэджыlакlуэ щlэрыуэ «вагъуэжlэ» еджэ хабзэщ. Чэрим и щlэр зэрылыдым деплъыну дыщыдекlуэжьэм, зэрымыщIэмкlэ абы и Iэтъуэлагъэр вагъуэбз зэщIэпщынщIэу кьэхэнхуащ. ГъуэгуфIыгъуэкlым щыху нэгуныгъэм и щыгъуэ щыIэ. Ар ныбжьыкlэ щхьэхуэмрэ щхьэхуэмрэ зэрымыщIэмкlэ абы и Iэтъуэлагъэр вагъуэбз зэщIэпщынщIэу кьэхэнхуащ. ГъуэгуфIыгъуэкlым щыху нэгуныгъэм и щыгъуэ щыIэ. Ар ныбжьыкlэ щхьэхуэмрэ щхьэхуэмрэ зэрымыщIэмкlэ абы и щыгъуэ щыIэ. Ар щlегъэбыдэ 17 статьями. Абы зэ-ритымкlэ, дунейпсо хабзэхэм тету Урысеим кьыщылытыта икlи щхьхэ-мэ щыхум, гражданиным и хунтыныгъэхэмрэ щхьэхунтыныгъэхэмрэ. Хунтыныгъ, щхьэхунтыныгъ нэхъыщхьэхэр щыхум кьыдалъху икlи ахэр абы зыми кьыйихьыну хуиткъым.

А щыкlэм тету, Урысеим и Конституцэм иджы пlэ дыдэу кьыщылытащ щыхум кьыдэгъэгурыкlуэ хунтыныгъэхэр. Щыхумрэ къэралымрэ я зэрызытыгтыкlэхэм а щыкlэм тету зэрызахъуэжар УФ-м и Конституцэм зэрыратхам и фlыщlэкlэ правовой къэралым и хабзэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зы зэтоурэ: щыхуэхэм къэралым и пащхьэ жэуапльныгъэ щахъ, ауэ къэралми гражданиным и пащхьэ жэуап щехь абы и щхьэхунтыныгъэр къызэрэгъэпэщыныкlэ, и гъащlэм, и псэукlэм щынагъуэ кьыкlэтемыгтыхъэныкlэ, гражданиным и хунтыныгъэ псори хьумэныкlэ. Апхуэдэ мардэм и фlыгъкlэ щыхум хуэгъэзауэ властым лей щызэрихьэ кьэхьунукъым.

Зэманкlэ кьэхуэнутэ Конституцэр кьызэрезэгъэши нужь зэманым куэдрэ топсэтыхьэ. Ауэ мыбдеж кьыщыхэгъэгъэхуэкlыну сыхуейщ мыпхуэдэ зы Iуэху. Урысей къэралым и Закон нэхъыщхьэр зэпIэзэрыту гъэжьэн хуейщ. Абы кьыдэжьу Конституцэм зэхъуэкlынныгъэ щхьэхуэхэри хэтлъхьэн-хьэу. Закон нэхъыщхьэр куэдрэ къэбгъэщIэрэщIэжыну кьезэгъэшкъым, сыту жыпIэмэ, ар къэралым зэпIэзэрыту зэрызимыужьым е езы Конституцэм дагъуэ куэд зэриIэм и щыхьэту аращ. Жылагъуэм зэпIэзэрыту зиужьынымкlэ шэсыпIэр закlэхэр зэпIэзэрыту щытыныр щ.

Абы и пlэныкъуэкlэ къапщтэмэ, ар къэралым зэпIэзэрыту щытыныр щ. Ар жылагъуэ, политикэ къыру зэмылIэужьыгъуэхэм зым адрейм худачъыхъурэ къащта документщи, псори зэхуэдэу арэзы зытемыхъуэ Iуэхуэри хэтщ.

Кьыгтэщыт илъэс гъунэгъуэм кьриубыдэу кьаIэн нэхъыщхьэ дыдэр текI имыIэу Конституцэм и мардэхэр, абы и дэтхэнэ зы псалъэри гъэзэщIэныщ. Ар стратегие къаIэнщи, властыр хэт иныгъми абы емыытыгъэу, уеблэмэ езы Конституцэ дыдэми емыытыгъэ зэфIэгъэкIын хуейщ.

ГЕЛЯХОВ Абдулыхь,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщl, Урысей Федерацэм щыхъ зиIэ и юристт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Сату-экономикэ Iуэхухэмкlэ Краснодар крайм щыIэ и лIыкlуэ Iуэхущlапlэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м **№372-ПП**

Щlыналъхэм я зэхуакlэ дзэлъ сату-экономикэ зэпыщlэныгъэхэр гъэбыдэн, абыхэм зегъэужьын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Краснодар краймрэ я предприятэхэр, Iуэхущlапlэхэр лэжьыгъэкlэ зэрызэпыщlар егъэфIэкlуэн мурадкlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Сату-экономикэ Iуэхуэхэмкlэ и лIыкlуэ Iуэхущlапlэу Краснодар крайм щыIэм и къаIэнхэр и пщэ дэлъхьэн "Эльбрус-Волга" ООО-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м **№690-рп**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщlакlуэ органхэм я зэхэтыкlэм и Iуэхуклэ» 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкlа Указ №46-УП-р гъэзэщlэн мурадкlэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlалагъуэлэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкlэ и министерствэр зэхъуэкlыныжьмкlэ комиссэ (адэкlэ - комиссэ) къызэрэпэщын мы къыкlэлъыкlуэхэр хэту:

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэм я Iуэхуэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщlэр *(комиссэм и унафэщlу)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щыхуэ хъыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщlэр *(комиссэм и унафэщlым и къуэдзэщ)*

Хьэжырокъуэ С. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министрыр *(комиссэм и унафэщlым и къуэдзэщ)*

Герговъ Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэм я Iуэхуэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщlым и къуэдзэр

Сабанчиевэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэхэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщlыр

Iэужь С. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщlыр

Тхьэмокъуэ Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкlэ и министерствэм и секторым и унафэщlыр

Унаев Т. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкур зехьэныжьмрэ щIы Iуэхуэхэмкlэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныжьмрэ щIы Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и къэрал мылъкур зехьэныжьмкlэ и департаментым и унафэщlыр

Хъарзынэ Л. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщlыр.

2. Зэхъуэкlынныгъэхэр щдагъэкlуэкl лъэхъэнэм:

комиссэм етын зи зэхэтыкlэр зэрахъуэкlа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкlэ и министерствэм и полномочиехэр;

комиссэм и унафэщlым хуитыныгъэ етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкlэ и министерствэм и документщIэм Iэ щIидзыну.

3. Комиссэм хуэгъэувын ищхьэкlэ кьыщыгъэлъэгъуэ министерствэр зэхъуэкlыным пыщlа Iуэхуэхэр щыIэ хабзэхэм тету 2012 гъэм мазаем и 21-м нэсыуэ зэфIигъэкlыну икlи Iуэхуэхэр зэрызэпаха актхэмрэ министерствэр зэрызэгугъэкlам тещIыхьа балансымрэ кьыхилъхьэну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащlам кlэлъплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Ерчэн Т. Хьу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван

● КъБР-м и Парламентым

Сатум пымыщIа Iуэхущlапlэхэм ядэIэпыкъуну къэралым зегъэхьэзыр

Хьэщхьужь Татьянэ

ШэкIуэгъуэм и 29-м КъБР-м и Парламентым кьыштащ «Сатум пымыщIа организацэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм ящыщу социальнэ Iэнатlэм тезыжьхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ етыным и Iуэхуклэ» КъБР-м и Законыр. Абы теухуауэ дэ денэлъащ Щlалэгъуалэм, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм, щыхуэб хъыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщl Хьэщхьужь Татьянэ.

- Мы законыр кьащтэн хуей щIэхъуар сыт, ар гъэзэщIэным сыт хуэдэ Iуэхуэхэр кьыпэкlуэну фыщыгугъэр?

- Мы законыр хуэунэтIащ граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм, псом ящэу жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм зегъэужьынымкlэ хуэгъэзэ къэрал политикэр пхыгъэкlыным. Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм хиубыдэу къэтлъытэхэм ящыщу жылагъуэ зэгугъэныгъэр нэхъ цыху куэд кьызэпIэзыубыдэ икlи нэхъ я мызэхэпщIэу зиIэ Iэнатlэхэм ящыщ. Псалъэм папщIэ, ди республикэм иджыпсту щыIэщ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм телажь я жылагъуэ зэгугъэныгъэ 800-м нэблагъэ. Зэбгъэкlыжьмкlэ хуей Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр кьыхъуокlа ахэр къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакlуэ органхэм щаддалажьэм и деж. Жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм яхэтщ Iуэху щхьэхуэм, Iэщlагъэм, Iэнатlэм ехьэлIакъэр. Кьыщтэмэ, иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым зэгугъэныгъэ куэд щыIэщ щlагъэгъуалэ Iуэхуэхэм егъэщIылIауэ, ауэ ахэр езыхэр щlагъуэу зэпыщlакlым, уеблэмэ щыIэрымыщlэ щыIэ щыIэ. Дэ зэрану къэтлъытэркъым зы Iуэхуэм телажь зэгугъэныгъэ зыбжанэ щыIэныр, ауэ ахэр я хуитныныгъэкlэ зэхуэдэу, Iуэхур дзгъэкlыным и лъэныкъуэкlэ зэпеуэу щыщытым дежщ сэбэпныгъ кьыщалажьыфынур. Ауэ, сэ кьыхэзгъэслъагъэмкlэ, зы мунципальнэ щыIэалъэ мыиным щlалэгъуалэ зэгугъэныгъэу тIущы кьыщыIэзэгъэпэщыныр тIэкlу егъэлеящ. Ауэ и лъэныкъуэкlэ кьапщтэмэ, зи гугъу тщы зыконым жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм я кьыхэзгъэпэщыкlэм хабзэмкlэ хилъхьэнщ.

Жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм я нэхъыбапIэм, ахэр езыхэр я кьызэгъэпэщыкlэкlэ куэдкlэ зэщхьэщыкlмк, зэхуэдэ гугъуехьу, Iуэху куэд кьабгъэдохэу. Псом ящэу абыхэм ящыщ кьызэгъэпэщыныгъэ, финанс Iуэхуэр. ЗэрыгурыIуэгъэщи, псори хущlокъу республикэм и гъащlэм жыдджэру хэтыну икlи абы папщIэ мурад хъарзынэхэр, проектхэр кьыхалъхьэ, ауэ ахэр ятlонэрэ папщIэ кьыхуэхъуркъуркъым. Пэжыр жыпIэмэ, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм кьыхалъхьэ Iуэхуэхэр къэралыр зэлэжь кьалэн нэхъыщхьэхэм екIуэлащэркъым. Закон ныкъуэзэрыщыгъэуавмкlэ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэхэр дзэзыгъэкlжьагъэ зэгугъэныгъэхэм къэралыр ядэIэпыкъунущ. Апхуэдэ Iуэхуэхэр къэралым и Iэнатlэ ящыщ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Псалъэм папщIэ, къэралым зэпеуэ ирегъэкIуэкlа Iэнатlэ щхьхэуэм Iуэхуэ щыIэ. Ауэ ахэр зэрыгъэзэжыкlуэ Iуэхуэхэр

И вагъуэбгъэ

и концерту щытмэ, ныжэбэ нэху щыху толажьэ утыкум иригъэвэнуми, ар дахэ эгъ-ришьынуми, Сыт щыгъуэ жьэоIэ: «Ей, пшыхьэщхьэ уэрэд пхужьIэжьынукъым, кIуэи, сгуупсысауэ ижь ибгъэрэ, нэгъэсауэ, екIуу и кIэм негъэсыф. Абы щыхьэт хуохьу абы и сыт хуэдэ концертри, псом хуэмурэдиу иужьрей дыдэ игъэльэгъуар.

Утыкум щагъафIэ цIыху щабэ

ЛИЙ *Асльэн, композитор, уэрэдыкIалIэу:*

ЧЭРИМ льаганIэ гуэрхэм щынэсфыр гумэзагъэщи аращ. Абы и пщалъэхэр кьемыIэбжьыу льагэщ, аращи, и щхьэ хуэмыдащэжьиу гъэжьагъэм щеIалIэжьэ, уэрэзыкьыкIэрбгъэхьу хуэркьым. Си гуГъэмкIэ, «Нэхущ Чэрим» цIэр ди льэпкьым ФренцI, сытым дежи уэрэзыщыгуфIыу кьыщIэжь фIы гуГъэрым и нэщэнэ, щIхьэщ. Абы «льэпкьым и псэкIэ» еджэхэми сраакьылэгъущ. Гъэми а льэпкьым ищыгъуиIуфIыщIэр щилъагъум деж, иту эзрэзыхьуэр эзрэльаГъущ. Зымахуэ Театр ЩIхьэнтIэм щекIуэкIа концертым щIимыдэзэ щIыкIэ цIыхуэгъэ кьыбгъэдыхьэурэ кьехьуэхьухэрт ауэ дунейм эзрыгтет кьудейм щхьэнэ. Ар жэуаплIыныгъэшхуэщ. УэрэдыщIэ утыку кьрихьэку эгърыгуэзаэм кьегъэльагъэу Чэрим цIыху кьэс и гум нэсыну кьаIэн эзрызыщищыжьыр. ЩIэщIыгъэ гуэрхэр Iуэхум кьыхихльхьэну щыхэтым дежи, нэхъ эзIалIэр адыгэпсэр эзрэдым хэмылкIынращ.

Дэ кIуэд щыхьэнбжьыгъущ. Си щхьэ фIэжа уэрэд хуэстхьыжьинкьым жьысIэу зэи згъэувакьым сэ: си уэрэз Чэрим жиIэрэ ар цIыхуэхэм згъэ-лъагъэ, нэхъ зэпIалIэр адыгэпсэр уэрэдым хэмылкIынращ.

Дэ кIуэд щыхьэнбжьыгъущ. Си щхьэ фIэжа уэрэз хуэстхьыжьинкьым жьысIэу зэи згъэувакьым сэ: си уэрэз Чэрим жиIэрэ ар цIыхуэхэм згъэ-лъагъэ, а хэлъ зыгуэрыр зэрымымащIэр кьыбгурыIуэрэ зригъэзвэмэ, Чэрим зэи зи щIыб кьэзымыIуэзэзэхэм ящыщщ. Ар нобэ утыкум щагъафIэу, и Iуэху дэкIыу пльагъу щхьэнIэ, гууз-лыуэ зиIэ цIыху гу щабэщ, гуэзэгъэу и кьыхьзыпIэсэ, щIыпIэ кьэуэну зимыIэжэм и гур яхуэмыгъуэ эзрыпIт. Ар пхуэгъэпщкIунукьым.

Жи1эмрэ зэрыпсэумрэ зэтохуэ

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ, *«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ:*

ИЛЬЭС тIощIым щIигъуа кьыщIэкIынщ Чэрим утыкум эзрэгуэгъ. Ауэ кьыхьзрыщIыщэ адыгэ уэрэдыкьэхэр IэщIыб ищIын дэнэ кьэна, егупсысажу, кьыгтригъэззэжу, хэпльэжу, иригъэтхьыжу, и макьажкIи, и гъэзэщIэкIэкIи а ди льэпкь хьугъуэфIыгъуэхэм эзрахущытым си гур хегьахьуэ. Адыгэ щыпсэу дэнэ кьэрал умыкIэужи, умыпльэми, Чэрим и уэрэдхэр щхьэ зэрахьэрэ, щхьэ кьрагъуэрэ? Мис а льэпкьым и псэр зэрызыхищIэращ. ФIы дыдэу кьыгуроIуэ абы «идижьрей эстрэд» жьыхуэтIэу цIыхур дзэзыхьэр. Ауэ «дэсхьэхэм кьудей щхьэкIэ» жиIэу гъэщIэрэщIауэ, нэгум кьыщIидзэу, асыхьэту уедаIуэрэ пщыгъупщэжу - апхуэдэ щIыкIэкIэ зэи утыкум кьрихьэну уэрэджьыкIауэщ Чэрим. Сэ абы сызэреджэр «щыхуэб артистщ». Пэж дыдэу, ар щIыхуэбэм ейщ, абы хуэпсэу, хуолажьэ, и пщIэри иныгъыжщ.

Зеикьуэ щхьэкIэхэм цIыху цIэрыIуэ куэд яхэтщ. Бахьсэн куейм хиубыдэ а Хэкум и Iыхьэм адыгэбзэ дахэ зэрыдыдэныр, кьыдэрыщежьэр, зэрыщахьумэр Чэрим и унагъуэм деж щыболъагъу. Итланэ, уи жагъуэ зэрыхьэчыщ, цIыху щыIэщ жиIэмрэ зэрыпсэумрэ зэрыпсэуну, цIыху щыIэщ жиIэмрэ зэрыпсэумрэ зэрыпсэуну си гур хегьахьуэ. Адыгэ щыпсэу дэнэ кьэрал умыкIэужи, умыпльэми, Чэрим и уэрэдхэр щхьэ зэрахьэрэ, щхьэ кьрагъуэрэ? Мис а льэпкьым и псэр зэрызыхищIэращ. ФIы дыдэу кьыгуроIуэ абы «идижьрей эстрэд» жьыхуэтIэу цIыхур дзэзыхьэр. Ауэ «дэсхьэхэм кьудей щхьэкIэ» жиIэу гъэщIэрэщIауэ, нэгум кьыщIидзэу, асыхьэту уедаIуэрэ пщыгъупщэжу - апхуэдэ щIыкIэкIэ зэи утыкум кьрихьэну уэрэджьыкIауэщ Чэрим. Сэ абы сызэреджэр «щыхуэб артистщ». Пэж дыдэу, ар щIыхуэбэм ейщ, абы хуэпсэу, хуолажьэ, и пщIэри иныгъыжщ.

Зеикьуэ щхьэкIэхэм цIыху цIэрыIуэ куэд яхэтщ. Бахьсэн куейм хиубыдэ а Хэкум и Iыхьэм адыгэбзэ дахэ зэрыдыдэныр, кьыдэрыщежьэр, зэрыщахьумэр Чэрим и унагъуэм деж щыболъагъу. Итланэ, уи жагъуэ зэрыхьэчыщ, цIыху щыIэщ жиIэмрэ зэрыпсэумрэ зэрыпсэуну, цIыху щыIэщ жиIэмрэ зэрыпсэумрэ зэрыпсэуну, ехьыжьыкIуэ щхьэ зыгуэрыр ящIыжу, и щIыхь ящIыжу, ящIыжу, ящIыжу,

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● ЖыIэгъуэхэр

Пэжым и нэр нэхъ жану маплъэ

◆ МащIэ щыжаIэм гупсэхуу щыдаIуэ.
◆ Мурадрэ гугъэрэ зэтIолъхуэныкъуэщ.
◆ Мыгъуагъэр тхьэмыщкIагъэм кIэрыпщIэгъуэфIэщ.
◆ Мыхьэнэншэр къидмыдзэуэрэ бэлыхьышхуэ дыхьдзэ.
◆ Напэ зимыIэр дзажэпкъ щагъащIэртэкъым.
◆ Напэр къабзэмэ, гур щабэщ.
◆ Напэншэр напэм тепсэлыхьыкIыщ.
◆ Напэншэм нэхьрэ - делэ.
◆ НасыпыфIэу зызыльитэж насыпыншэкъым.
◆ НэгъэщI зыльэмыкIыр и щхьэ щотхъуж.
◆ Нэм къыщIэIэбэр умылъагъумэ, угунэфщ.
◆ Нэпсей и хьэщIэ къумым ис пэльитэщ.
◆ Нэпсеи и ныбгъуэри ныщу къыщохъуж.
◆ НэхъыкIитIым фIы яхэткъым.
◆ Нэфрэ дэгурэ зэгурыIуэгъуафIэщ.
◆ Нэфым цIыхугъэр елъагъури, дэгум цIыхугъэр зыхещIэ.
◆ НитIрэ пэт щызэдэмыпльэр нэхъыбэщ.
◆ Пэжым и нэр нэхъ жану маплъэ.
◆ Пэжыр щIакъуэ щыхъум, щIым шэсыжащ.
◆ Пэжыр гъуэгу пхэнжми щылъэпэрапэркъым.
◆ Пэжыр жиIофыркъым армыхъумэ, щIыпсым жимыIэ щыIэкъым.
◆ Пэжыр бгъэщIакъуэху, щIым дамэ къыткIэ.
◆ ПсалъэгуапэIофIщи, псалъэ Iуп гукъинэжщ.
◆ ПсалъэдыджымудынгъуэщIэри къыуегъэщIэж.
◆ Псалъэ дыдж хущхъуи пэльэщыркъым.

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Псалъэжьхэр

Зы цIыхум жылэм фэ трегъэуэф

■ Жьы уимыIэмэ, щIэи уиIэкъым.
■ ЛIэныгъэм къуэгъэнапIэми укъыщигъуэт.
■ Ныбэр къэблагъэмэ, благъэр пщегъэгъупщэ.
■ Зы цIыхум жылэм фэ трегъэуэф.
■ Псэрэ пэт хьэхущ.
■ Пхъэдакъэжь псым итхьылэрэ, мэлыхъуэхьэ кIуэдрэ?
■ Удыр и щхьухь екъыж.
■ Уи хьэ фIэпщ и цIэщ.

● Фэ фщIэрэ?

КъакIыгъэцIэхэр

КIэлрдгэу - ландыш
Къэрабэ - одуванчик лекарственный
Къэржъурэшейудз - иван-чай
Къэрэхъан - чернокорень
Къэрэгъэш - вяз пробковый
Къыблэ - алоэ
Къыль - вязель
Къыпцей - слива
Къырухугу - незабудка
Къыр - персик
Къудас - ковыль
Къуэн -укроп огородный
Къуэтпхъурей - кориандр посевной
Къуэрдэрэ - можжевельник
Къутыр - шпинат огородный
Къущхьымыих - плод мушмулы.

Зэкъуэтынигъэ здэщыIэрщ насыпыр щытепщэр

● Щэнхабзэ

ЛАЗАРЕВСК Лъэпкъхэм я щэнхабзэмкIэ щыIэ центрым щекIуэкIащ «Нартхэм я мафIэр иремыжьыхь» адыгэ щэнхабзэ фестиваль. 2009 гъэм ар япэу къыщыIэзрагъэпэщащ Краснодар къалэм, нэгъабэ ТIуапсы къалэм щызэхэтащ. Апхуэдэ махуэшхуэм и кIыхьзэгъэпэщкIуэр Краснодар къалэм адыгэ щэнхабзэмкIэ и центрым и унафэщI, Адыгэ Республикэм, Кубаным щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Щам Сафиетщ. Фестивалым и къалэн нэхъыщхьэр адыгэ щэнхабзэр хъумэныращ, ауэ абы нэмыщI, Краснодар крайм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яку зэныбжьэгъуитIу дэлъныным, щIэблэр нэхъыжьхэм я щапхъэм щIэпIыкIыным теухуауи мыхьэнэщхэу иIэщ.

- Сэ сохъуапсэ Лазаревск Адыгэ щэнхабзэмкIэ щыIэ центрым и дэжьакIуэхэм, - жеIэ Щам Сафиет. - Дэ жылагъуэ зэгухьэныгъуэщ дыкъызэралытэр, мыхэр муниципальнэ Iуэхущ1ап1эщ, абы къыхэкIыпи лъэпкъ щэнхабзэми куэдкIэ гулыIэ нэхъыбэ хуащIы. Хы фIыщIэм и Iуфэм щыпсэу адыгэхэм яхУзэфIкIащ я лъэпкъ щэнхабзэм, социально-экономикэ щытыкIэм теухуауэ зыIуэ гугъуехьхэм къуэдыкъуцIэхэм гу лърагъэтэн. Абы и лъэныкъуэкIэ зэ иджыри куэд къытпэщылыщ.

Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид зэрыжиIэмкIэ, иужьрей илъэсхэм щэнхабзэ Iуэхуэхэр нэхъефIэкIуащ.

- Iуэхур инэкIэ зыгъэкIуэтахэм ящыщщ «Лъэпкъхэм я щэнхабзэ фестивалым и режиссеру щытащ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрым и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Зыхъ Мэлэчэт, ар сэлгъэкIуэкIахэм яхэтащ а театрым и актер пажэ Багъ Альхъэс.

Фестивалым зыкъыщагъэлъэгъэуащ «Iуащхьэмахуэ» (Краснодар къалэ), балемейстерыр КIэмрыгу Азэмэтщ) ансамблым, «Сэлам» (Краснодар къ., унафэщIыр Хутэ Асльэнщ), «Насып» (Лазаревск къ., унафэщIыр Турчина Маринэщ), «Легенда Кавказа» (Армавир къ., унафэщIыр Тэмазэ Олесящ) гущхэм, уэрэджы1акIуэ нЫбжьыщIэхуу ГЪэгъуачIу яку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэнымрэ лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыныгъэ теухуа» хэгъэуэгу программэр, - жеIэ Мэжид, - Ар ильэсси 10 хьуауэ я нэIэ щIэтщ хэгъэуэгу администрацэмрэ шапсыгъэхэм я жылагъуэ парламентымрэ. Абы хэту къызэрагъэпэщауэ аращ «Нартхэм я мафIэр иремыжьыхь» адыгэ щэнхабзэ фестивалыр.

Ильэс къэс фестивалыр нэхъ йофIакIуэ, зеужь, цIыху нэхъыбэм къыхэпха мэхъу. Ащхуэдэу мы гъэм фестивалым и режиссеру щытащ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрым и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Зыхъ Мэлэчэт, ар сэлгъэкIуэкIахэм яхэтащ а театрым и актер пажэ Багъ Альхъэс.

- Мы Iуэху дахэр къезыхьэжьа, ар тэмэму екIуэкIыным зи гущIэ хэзылъхьа псоми сигуми си псэми кьабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэощI, - жиIащ Зыхъ Мэлэчэт.

- Фестивалыр къуэгъэуащ зи лъэпкъ щэнхабзэр фIыуэ зыльагъу, абы дихьэх цIыху жыджэрхэм я фIыщIэкIэ. Пэжщ, ар тэмэму къызэгъэпэща, егъэкIуэкIа хъунымкIэ ахэр гугъуехь мымащи Iууащ, ауэ псоми пэльэщи, икъукIэ махуэшхуэ дахэ икIи екIу ирагъэкIуэкIыфащ.

НЫБЭ Анзор.

КIыкI Нафисэт


«Насып» ансамблыр

● Щхынытъуэхэр

Щэ чыржын

НАРТЫХУ хужь хьэжыгъэр тепщэчышхуэм ирагкIутэ, абы шыгъу тIэкIу зыхэль псывэ хакIэурэ бэлагькIэ япщ. Бахьэ пщтырыр ягъакIуэ. Абы гуэдз хьэжыгъэ ирадуурэ хупщынэр япщ, и щхьэр трапIэри IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ сыхьэти 8-10-кIэ щыIапIэм ягъэув. Хьэзыр хьуа хупщынэм щэ гъэвэжахуэ ущэба хакIут эри фIыуэ хапщэж. А щIыпIэнэм къыхахыуэрэ чыржын яупIэпI и Iувагъыр см 3-3,5-рэ, и хьэльагъыр г 180 - 200 хуэдизэ хьуурэ. Хупщынэм къыщыгуахкIэ Iэхэр псы щIыIэм хащIэ.

Апхуэдэурэ щIа чыржынхэр тхъу е кIапэ дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэ зэпльмыIэсыщэурэ, и щхьэр трапIэжри жьэгукIэ е хьэкулъэкIэ ягъажьэ, тхъуэпIэ дахэ хъуху. Чыр жьи жьам дагъэ къыщIэжу, мэ дахэ къыхихыу , щабэу щытын хуейщ. Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Шэ хуабэ гъусэ хуащI. Хуабжьу ерыскъы къэуатщ, зи тхьэмбыл узэхэм я дежкIи сэбэнщ.

Халъхьэхэр (цIыхунщ Iыхь): *нартыху хьэжыгъэу - г 300, гуэдз хьэжыгъэу - г 40, псывэу - г 500, кIапэ жьажьуэ - г 150, тхъуэ е кIапэ дагъэу - г 30, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.*

Жэгундэ плъыжь зэхэупщIэта

ЖЭГУНДЭ гъэвар Iупщ1э цIыкIуурэ яупщIатэри, пIинэ кIыщIу тепщэчым иралъхьэ. ШатэкIэ зэхэщIа бжьыныкъу уба абы тракIэ. Ягъэйифи яшх. Щакъуэ е пэкъум дадж.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхь): *жэгундэ плъыжь гъэвауэ - г 200, шатэу - г 50, бжьыныхуу - г 5, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.*

«Адыгэ шхынытъуэхэр» тхылъым кьитхыжащ.

● Къуажэхьэр

Уеплъмэ - банэ топ

● **Мо къакIуэр шуи лъэси, ар щызекIуэр щIылъи уафи, абы ирифыр фоуи фади.**
● **Нэхъыбэ къипхыху, нэхъ им мэхъу.**
● **Псым къыхэх, псым хьыкъэж.**
● **Тхьэмпэбгъуэжь и кIуэ хьуреижь.**
● **Уеплъмэ банэ топ, и пэр умылъагъу.**

ЖЭУАПХЭР:

Хьухьмэрэ Мадэ Шэрыф Хьэбэрдэ Щижбэрэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Нартхэм я гъункIэ. **7.** Президентым ... ищIащ . 9. Мэш ... е зэкIуэцIыпха гуэр. **10.** КхъуэдэIэкIыхь зыIут Iэльэщ. **11.** Шэрыуэу псалъэ, гушыIэрей. **15.** ... пыIэ. **16.** Атэлыкъым ирагъыпIыну ирата сабий. **17.** Хьарбыз зэгуагъжам ... кIыдихьр т. **18.** ЦIыху псынщIэ, жыджэр. **20.** Щхьэц зытемытыж цIыху. **22.** ХьэкIэжхъу экIэ зыинагъуэ. **24.** Уэшх, уэс зыщIэт жьапщэхуэ. **25.** ЦIыхум зэрелэзэ хьэмбылу лъэпкъ. **30.** Венгриеи и кьалащхьэ. **31.** Адыгэ уэрэдыкьхэр, абы я хьыбархэр, псалъэжьхэр зэхуэзэхьэсыжа щIэныгъэIэ, уэрэджы1акIуэ Iэзэ. Абы ильэс 90-р щыхуагъэзыпIэм и кьекIуэкIыкIам, лъэпкъым и пащхьэ щиIэ фIыщIэм тепсэлъыхьыжащ Президентыр. **33.** ... суд. **37.** Адыгэм пхъэ пшынэ, зыкIэпшынэ яку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэнымрэ лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьныкъуэ теухуа» хэгъэуэгу программэр. - Ар ильэсси 10 хьуауэ я нэIэ щIэтщ хэгъэуэгу администрацэмрэ шапсыгъэхэм я жылагъуэ парламентымрэ. Абы хэту къызэрагъэпэщауэ аращ «Нартхэм я мафIэр иремыжьыхь» адыгэ щэнхабзэ фестивалыр.

Ильэс къэс фестивалыр нэхъ йофIакIуэ, зеужь, цIыху нэхъыбэм къыхэпха мэхъу. Ащхуэдэу мы гъэм фестивалым и режиссеру щытащ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрым и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Зыхъ Мэлэчэт, ар сэлгъэкIуэкIахэм яхэтащ а театрым и актер пажэ Багъ Альхъэс.

Фестивалым зыкъыщагъэлъэгъэуащ «Iуащхьэмахуэ» (Краснодар къалэ), балемейстерыр КIэмрыгу Азэмэтщ) ансамблым, «Сэлам» (Краснодар къ., унафэщIыр Хутэ Асльэнщ), «Насып» (Лазаревск къ., унафэщIыр Турчина Маринэщ), «Легенда Кавказа» (Армавир къ., унафэщIыр Тэмазэ Олесящ) гущхэм, уэрэджы1акIуэ нЫбжьыщIэхуу ГЪэгъуачIу яку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэнымрэ лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьныкъуэ теухуа» яхэтащ а театрым и актер пажэ Багъ Альхъэс.

- Мы Iуэху дахэр къезыхьэжьа, ар тэмэму екIуэкIыным зи гущIэ хэзылъхьа псоми сигуми си псэми кьабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэощI, - жиIащ Зыхъ Мэлэчэт.

- Фестивалыр къуэгъэуащ зи лъэпкъ щэнхабзэр фIыуэ зыльагъу, абы дихьэх цIыху жыджэрхэм я фIыщIэкIэ. Пэжщ, ар тэмэму къызэгъэпэща, егъэкIуэкIа хъунымкIэ ахэр гугъуехь мымащи Iууащ, ауэ псоми пэльэщи, икъукIэ махуэшхуэ дахэ икIи екIу ирагъэкIуэкIыфащ.

НЫБЭ Анзор.



Кхъуэхэу: 1. Къэбзэрдейкъызыщыхьэх жыг лIэужьыкIуэу. **38.** ЦIыху ткIий, гущIэгъуншэ е цIыхухъуцIэ. **39.** Адыгэ пшынауэ Iэзэ ... Хьэсэн. **40.** Адыгэ бэнакIуэ, 2008 гъэм ебгъэкIа Олимп зэхьэзэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа. **42.** Ильэсищым ит щыщIэ мыгъасэ. **44.** Алыхь Iэмырым темыкI цIыху. **45.** Нарт ЩэуеI и адэр. **48.** Псым хэс хьэпщхупщ, лъакъуэ куэд щIэту. **49.** Мэкъу IэплIэ. **51.** КъэкIыIакIуэ Iэзэ. Абы ильэс 90-р щыхуагъэзыпIэм и кьекIуэкIыкIам, лъэпкъым и пащхьэ щиIэ фIыщIэм тепсэлъыхьыжащ Президентыр. **53.** ... суд. **37.** Адыгэм пхъэ пшынэ, зыкIэпшынэ къызыхах жыг лIэужьыкIуэу. **38.** ЦIыху ткIий, гущIэгъуншэ е цIыхухъуцIэ. **39.** Адыгэ пшынауэ Iэзэ ... Хьэсэн. **40.** Адыгэ бэнакIуэ, 2008 гъэм ебгъэкIа Олимп зэхьэзэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа. **42.** ИльэсищымитщыщIэ мыгъасэ. **44.** Алыхь Iэмырым темыкI цIыху. **45.** Нарт ЩэуеI и адэр. **48.** Псым хэс хьэпщхупщ, лъакъуэ куэд щIэту. **49.** Мэкъу IэплIэ. **51.** КъэкIыIакIуэ Iэзэ. Абы ильэс 90-р щыхуагъэзыпIэм и кьекIуэкIыкIам, лъэпкъым и пащхьэ щиIэ фIыщIэм тепсэлъыхьыжащ Президентыр. **53.** ... суд. **37.** Адыгэм пхъэ пшынэ, зыкIэпшынэ къыщIыхьэн щхьэкIэ жаIэ хабзэщ: « ... нэкъу тхъэм кьрит». **19.** Адыгэ таурыхьхэм зэщыщрихьэлIэ сыжу тхьилъу кьыщдзэыгъэкIа щIэныгъэлI ... Барэсбий. **52.** Хамысэу езыр-езыру къэкIа. **53.** ЦIыхубзхэм зыкIэралъхьэ хьэпшыпI.

Къехьу: 1. Къэбзэрдейкъызыхах жыг лIэужьыкIуэу. **38.** ЦIыху ткIий, гущIэгъуншэ е цIыхухъуцIэ. **39.** Адыгэ пшынауэ Iэзэ ... Хьэсэн. **40.** Адыгэ бэнакIуэ, 2008 гъэм ебгъэкIа Олимп зэхьэзэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа. **42.** ИльэсищымитщыщIэ мыгъасэ. **44.** Алыхь Iэмырым темыкI цIыху. **45.** Нарт ЩэуеI и адэр. **48.** Псым хэс хьэпщхупщ, лъакъуэ куэд щIэту. **49.** Мэкъу IэплIэ. **51.** КъэкIыIакIуэ Iэзэ. Абы ильэс 90-р щыхуагъэзыпIэм и кьекIуэкIыкIам, лъэпкъым и пащхьэ щиIэ фIыщIэм тепсэлъыхьыжащ Президентыр. **53.** ... суд. **37.** Адыгэм пхъэ пшынэ, зыкIэпшынэ къыщIыхьэн щхьэкIэ жаIэ хабзэщ: « ... нэкъу тхъэм кьрит». **19.** Адыгэ таурыхьхэм зэщыщрихьэлIэ сыжу тхьилъу кьыщдзэыгъэкIа щIэныгъэлI ... Барэсбий. **52.** Хамысэу езыр-езыру къэкIа. **53.** ЦIыхубзхэм зыкIэралъхьэ хьэпшыпI.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Дыгъэгъазэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 5.Пыпхэ. **7.** Алиев. **10.** Гъущ. **13.** Сэхьид. **14.** Тхьащ. **15.** Дзэлыкъуэдзэ. **17.** Жьэмыгъуэ. **19.** Архъуанэ. **19.** Пут. **21.** Къэм. **22.** Нэхущ. **23.** Хьэблэ. **25.** Пщым. **29.** Лы. **30.** Джарым. **31.** Барэ. **32.** Шху. **36.** Танэ. **38.** Дэлэл. **40.** Брут. **41.** Афэ. **42.** Ужьэ. **43.** Пщэдэль. **45.** Лэрыпс. **47.** Къарэмырэз. **50.** Щэраш. **52.** Шагъыр. **53.** Таж. **54.** Тумэн. **55.** Щыблэ.

Къехьу: 1. Вынд. **2.** Тхыдэ. **3.** Благъуэ. **4.** Дерт. **6.** Пщыкъуэ. **8.** Псыжь. **9.** Тхьэмахуэ. **11.** КьарапIэ. **12.** Хьэфэ. **15.** Дзэпщ. **16.** Самэ. **20.** Тхьэмадэ. **21.** Хьэмбылу. **22.** Налкъут **24.** Бо. **26.** Махэл. **27.** Щай. **28.** Гъудэ. **33.** Андэгурэ. **34.** Кьул. **35.** Кьурышбгъэ. **37.** Балъкъ. **39.** Хьэлэ. **43.** Пощт **44.** Амман. **46.** Суурэ. **48.** Арыхэн. **49.** Зэчыр. **51.** Щауэ. **52.** Шылэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

● ● ●